**Аруан щIыналъэм мылъку зыхухихыу, курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт IуэхущIапIэ**

**«Псыгуэнсу къуажэ дэт 2-нэ курыт еджапIэ»**

# Нало Заур и «ЦIыху напэ» балладэм теухуауэ ебланэ классым щекIуэкIа дерсым и план



**ЕзыгъэкIуэкIар – адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэ Шыд Ф.С.**

**2024 гъ.**

**Темэр: Нало Заур и «ЩIыху напэ» балладэр.**

**Классыр:** ебланэ

**Мурадхэр:**

I. Нало Заур и лэжьыгъэхэм щыщ щыгъэгъуэзэн.

2. Тхыгъэм щIэлъ гупсысэ нэхъыщхьэр еджакIуэхэм къагурыгъэIуэн, пэжыгъэ, укIытэ яхэлъу дунейм езыхэри тетын зэрыхуейр япхыгъэкIын.

3. «Напэр псэм япэщ» гупсысэм хуэшэн, щIыхьыр, пщIэр хъумэн зэрыхуейм егъэгупсысын.

4. Я къеджэкIэм, я бзэм зегъэужьын.

**Урокым къыщыгъэсэбэпыпхъэхэр:**

1. Нало Заур, ЩоджэнцIыкIу Алий сымэ я сурэтхэр.

3. УсакIуэхэм я Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэхэр (тхылъхэр).

**Урокым и екIуэкIыкIэр**

I. ЕгъэджакIуэм и хэзышэ псалъэ.

Напэ къабзэр тыгъэ нэхъ лъапIэ дыдэу зэрыщытыр, Iэужьым зэманыр щыхьэт техъуэу къызэрекIуэкIыр нэсу зыхищIэу и лъэпкъым и зыужьыныгъэм хуэлажьэрщ цIыху Iущыр, насыпыфIэр. Апхуэдэ лъэпкъылIщ нобэрей урокым зи гугъу щытщIыну тхакIуэ гъуэзэджэ, щIэныгъэлI щэджащэ Нало Заур Мыхьэмэт и къуэр.

Адыгэ усыгъэм и фIыгъуэхэр зыгъэбагъуэ, лъэпкъым и культурэм кууэ хэпщIа, лъэхъэнэмрэ щIэблэмрэ зэщIэзыIыгъэ гупсысэшхуэ куэдым хуэIэрыхуэ, ди поэзием и щIыхьыр нэхъри Iэтыным екIуу хуэлэжьа усакIуэщ Нало Заур.

ТхьэкIумащIэ Аслъэн игъэзащIэ «Ечэнджэщ уи напэм» уэрэдым егъэдэIуэн.

Напэм, щIыхьым и къежьапIэр

И жьэгу пащхьэщ уи адэм,

ИутIыпщу уи анэм Iэпэр

Пчы лъэбакъуэрщ япэу.

Гъуэгум зы кIэух имыIэ,

иӀэкъым щӀэдзапӀэ.

Ущыуамэ, къэувыӀи,

Ечэнджэщ уи напэм.

**II. ЕгъэджакӀуэ:** ЦӀыкӀухэ, иджыпсту дызэдэӀуа уэрэдыр сыту пӀэрэ зытеухуар?

**ЕджакӀуэ:** Ар теухуащ цӀыху напэм, цӀыхугъэм. Абы нэхъ лъапӀэ зыри зэрыщымыӀэм.

**ЕгъэджакӀуэ:** Пэжщ, цӀыкӀухэ, абы щыгъуазэ дещӀ напэм и лъапӀагъым, ар цӀыхум сыт щыгъуи ихъумэн, игъэлъэпӀэн зэрыхуейм. УкӀытэр цӀыхум и щэн нэхъ лъапӀэ дыдэщ. Ар фӀы дыдэу къыщыгъэлъэгъуащ дерс кӀуам дызэджа Нало Заур и балладэ «ЦӀыху напэм».

Дигу къэдгъэкӀыжынщ балладэкӀэ зэджэр. Сыту пӀэрэт ар?

**ЕджакӀуэ:** Балладэр лирикэ литературнэ пкъыгъуэм и жанрщ. Ар француз псалъэм къытекӀащ. Курыт лӀэщӀыгъуэхэм ар къызэрежьар къэфэкӀэ лӀэужьыгъуэущ. ИужькӀэ балладэр усыгъэм и зы лӀэужьыгъуэ хъуащ.

**ЕгъэджакӀуэ:** Балладэм и нэщэнэхэм щыщу сыт фыщыгъуазэ?

**ЕджакӀуэ:** Балладэр сюжет зиӀэ усэщ, абы и лъабжьэ хъу хабзэщ лӀыгъэкӀэ гъэнщӀа тхыдэ къэхъукъащӀэхэр. ГъащӀэ теплъэгъуэхэр, ӀуэрыӀуатэ персонажхэр.

**ЕгъэджакӀуэ:** Пэж дыдэщ. Сытым дригъэгупсысауэ пӀэрэ, цӀыкӀухэ, «ЦӀыху напэ» балладэм? Иджыпсту ди гупсысэхэмкӀэ дызэдэгуэшэнщ. Дэ лэжьыгъэу диӀащ «напэ» псалъэм ехьэлӀауэ сыт хуэдизкӀи щӀэ гуэр къэтлъыхъуэу къетхьэлӀэну, къэтщӀахэмкӀэ дызэдэгуэшэну.

**ЕгъэджакӀуэ:** Хэт жиӀэн, «ЦӀыху напэ» балладэр хэт и фэеплъу итха Налом?

**ЕджакӀуэ:** Сэ мы тхыгъэм куэдым сригъэгупсысащ, псом хуэмыдэу а лӀым и лӀыгъэм сыдихьэхащ. Сыт хуэдэ къару уиӀэн хуей абы хузэфӀэкӀахэр плъэкӀын папщӀэ? Иджы къызгурыӀуащ мы тхыгъэм къару егъэлея къезытыр, ар ЩоджэнцӀыкӀу Алий и фэеплъу зэрыщытырщ. Алий нэмыцэ концлагерым щисам бийм къыпиубыдауэ щытащ нэмыцэ зэрыпхъуакӀуэхэм я текӀуэныгъэхэр зыгъэлъапӀэ усэ итхын хуейуэ. АрщхьэкӀэ Алий и Хэку, и напэ епцӀыж нэхърэ лӀэмэ, гъащӀэр итмэ нэхъ къищтащ. НэмыцэӀуэм Алий къыдисахэм къызэраӀуэтэжамкӀэ, абы куэдрэ жиӀэрт «Зи лажьэр кӀуэдынхэ, адыгэ напэр фымыгъэулъийй, зывмыгъэдзыхэу ди нэмысыр фхъумэ». ИкӀи жыпӀэ хъунущ ЩоджэнцӀыкӀу Алий и напэм, и цӀыхугъэм, и Хэкум емыпцӀыжу а псом щхьэкӀэ и гъащӀэр итауэ.

**ЕгъэджакIуэ:** Пэжщ, мы тхыгъэм къыхэщ лIыжъужьыр ещхьщ Алий. ЩоджэнцIыкIур и псэр пытыху епцIыжакъым и напэм, лъэкIащ и напэм япэ и псэр иригъэщын. ЦIыхугъэр, цIыху напэр псом япэу зэрыщытыр къигъэлъэгъуэфащ тхакIуэм.

**ЕджакIуэ:** Сэ сыдэзыхьэхар лIыжьым ита псалъэр зэригъэпэжырщ. Ар хущIегъуэжкъым удым зэрыгурыIуам. Псалъэ итам епцIыжыну ауи игу къэкIыркъым.

**ЕджакIуэ:** Удым уи гур къыхуоплъ. ЦIыху гущIэгъуншэхэм, пщIэншэу зыри зымыщIэхэм, зыгуэрым и гузэвэгъуэм фейдэ къыхэзыххэм я щапхъэщ уд фызыжьыр. Апхуэдэ цIыхухэм уигу щегъэкI усакIуэм.

**ЕджакIуэ:** Сэ мы тхыгъэм сызыгъэгупсысар удымрэ лIыжьымрэ лъэныкъуэ зырызкIэ напэм зэреплъырщ. Удым цIыхум и напэр къыщохъу мыпхуэдэу:

ЦIыхум напэр зэран хуохъур,

Насыпыншэ ещI,

ЦIыхум напэр игъэлъапIэм,

Мэхъу и жыпыр нэщI.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, апхуэдэ еплъыкIэ зиIэ цIыхухэр ноби щыIэщ. Апхуэдэм зэрызыдедмыгъэхьэхын къару къытлъыкъуэкIынырщ Налом дызыхуиущийр.

ЛIыжьым напэм нэхъ лъапIэ щымыIэу къелъытэ ар къыдощIэ абы и псалъэхэмкIэ.

УкIытэншэу упсэу нэхърэ

НэхъыфIщ умыпсэум

**ЕджакIуэ:** Иджыри абы и щапхъэщ мы псалъэхэри:

«Сэ си напэр, си укIытэр,

Уэстынкъым сыплIам!

СIых ухуеймэ мылъкуу сиIэр,

Уеблэм сыгъэпщылI.

СIихыфыну сэ си напэр

Дунейм теткъым зылI!»

ЛIыжьым жиIа псалъэхэр игъэпэжащ. Абы лIыжьым зэрыпэлъэщын къаруушхуэ иIэу къыщIэкIащ. Апхуэдэ цIыхур къэзылъхуа адэ-анэми

къызыхэкIа лъэпкъми хуэфащэщ. А лIыжьым хуэдэхэрщ цIыхухэм ягъэлъапIэри.

**ЕджакIуэ:** Сэри згъэщIэгъуащ лIыжьым и лIыгъэр. Нэхъ сызыгъэгупсысар лIыжьым и нэм къыщIэткIуа нэпс закъуэрщ. КъызэрысщыхъуамкIэ, ар гъащIэм, псэм нэхъ IэфI зэрыщымыIэрщ. ГупыкIыгъуейуэ зэрыщытырщ. Мыбдеж нэгъэсауэ щызыхыбощIэ лIыжьым и лIыгъэр, и псэм и къабзагъыр.

**III. ЕджакIуэ:** Иджыпсту мыбы жаIахэм теухуауэ псалъэжь зыбжанэ къэсщIащи щыгъуазэ фыхуэсщIыну сыхуейт.

«Псэууэ лIа нэхърэ, лIауэ псэу»

«Напэм и пэ псэр ихуэ»

«Псэр ящэри напэ къащэху»

«ГъащIэр щIыхьым щIат»

«Нэмысымрэ насыпымрэ гъащIэм и дзитIщ»

«Насып зиIэм щIэныгъи иIэщ»

«Насып зиIэм шыIэныгъи иIэщ»

«УкIытэ зимыIэм цIыхугъи иIэкъым»

«Напэм техуэр жьэм жеIэф»

«Псэр ящэри напэ къащэху»

«Напэ зимыIэм дзажэпкъ иIэщ»

«Утыку зэрихьэр напэщи къызэрикIыжыр лъапэщ»

**IV. ЕджакIуэ:** Сэри напэм теухуа псалъэжь къэслъыхъуэурэ зы усэ срихьэлIэри зэзгъэщIащи фезгъэдэIуэну сыхуейт.

ГъащIэ гъуэгум гугъуехь Iэджэ

ЩрохьэлIэ лIыфIыр,

Зауэ мафIэм и псэ IэфIыр

Хэт щитын зыфIэфIыр.

Ауэ куэдрэ къохъу шэ цIывым

ЦIыхур пэщIэувэу,

Игу щIэмыгъуу а сыхьэтым

И анэжь гузавэм.

Хэлъщ ди гъащIэм ди псэм нэхърэ

КуэдкIэ дгъэ нэхъ лъапIэ.

ЛъапIэщ тхъумэм ди цIыху напэр,

ЕдмыгъэщIу IэпIэ.

ГъущыпэнкIэ хъунщ тенджызыр

КъегуэщIэкIмэ дыгъэр,

Ауэ напэм ищIмэ IэпIэ,

ИкIыжынкъым бжьыгъэр.

**Апажэ Ахьмэд.**

**ЕджакIуэ:** Нобэ зи гугъу тщIа лIыхъужьхэм ятеухуауэ гурыхь сщыхъуа зы усэ сэри фезгъэдэIуэну сыхуейт.

Ахъши, фIыгъуи, нэгъуэщI гуэри

Пэмыхъуну напэм!

ЛIы хуэдэлIым псэри гури

Къуитыфынущ япэ!

Мис аракъэ щIакIуэ кIапэм

ЛIыхэр ныщIыхуэкIуэр,

ЦIыхум и пщIэр иIэ напэм

СыткIи иригъэкIур.

Напэр - напэщ!

Напэр - лъапIэщ,

Напэр сытми япэщ!

Ухуэзышэр щIакIуэ кIапэм

Егупсыс уи напэщ!

Ахъши, фIыгъуи, нэгъуэщI гуэри

Пумылъыт уи напэм.

ЛIы хуэдэлIым псэри гури

Къуитыфынущ япэ!

**Апажэ Ахьмэд.**

**ЕгъэджакIуэ:** Хъарзынэу фылэжьащ цIыкIухэ. Иджыпсту сыхуейт псалъэуха зыбгъупщIкIэ нэхъ мыхъуми, «Напэр сэ къызэрызгурыIуэр гупсысэм зевгъэужьыну.

**V. Урокыр къызэщIэкъуэжын.**

(ЕджакIуэхэм я пащхьэм илъщ мыпхуэдэ таблицэ зырыз, абы ирегъэтхэн урокым къыщащIахэмрэ къехъулIахэмрэ).

| | |
|---|---|
| **Сэ къызэхъулIащ** | |
| **Сэ гъэщIэгъуэн сщыхъуащ** | |
| **КъызэгугъуэкIащ** | |
| **Иджы сощIэ** | |

Нобэрей урокыр нэзгъэсыну сыхуейт мы псалъэхэмкIэ:

Дывгъэхъумэ, дыхуэвгъэсакъ ди цIыху, ди адыгэ напэм. Лъэпкъ напэр тезымыхын цIыху Тхьэм псори дищI. Дуней къабзэм тетын, бзэ къабзэр зыIурылъын, псэ къабзэр зыбгъэдэлъын Тхьэм псори дищI

**VI. Унэ лэжьыгъэр етын:**

1. «ЦIыху напэ» балладэм гъэхуауэ еджэн.
2. Тхыгъэм и ещанэ Iыхьэр гукIэ зэгъэщIэн;
3. Сочиненэ кIэщI тхын «Напэмрэ цIыхугъэмрэ нэхъ лъапIэ щыIэкъым» темэмкIэ.
4. Сурэт щIын «Сигу къина теплъэгъуэхэр».

Дамыгъэхэр гъэувыжын.